Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обномым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ.

№ 145 (2372) | Тхьэмахуэ, декабрым и 17-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

СЕЛЬСКЭ СОВЕТХЭМ Я АВТОРИТЕТХЭР ГЪЭБЫДЭН

Социалистическэ сельскэ хозяйствэм хэхъуэныгъэу иIэхэм лъэкIыныгъуэ яритащ ди колхозхэм, ахэр Отечественнэ зауэм и махуэхэм я кIуэщIкIэ фронтым рэ Родинэрэ ирыскъыкIэ, промышленностыр сырьекIэ гъэнщIыныгъэмкIэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу хъуныгъэмкIэ.

Великэ Октябрьскэ Социалистическэ революциям и 27-рэ годым теухуауэ товарищ Сталин ищIа докладым щыжиIащ: „Ди колхозниквым крестьянствэр активнэу икIи Родинэм хуакъаIэныр къанэ щымыIэу къагурыIуэу, Краснэ Армияр бийм текIуэныгъэхэр къилъэщэ хъуныгъэмкIэ доIэпыкъуэхэр".

Колхозхэр хэгъэхъуэнымрэ гъэбыдэныгъэмрэкIэ сельскэ Советхэм лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкIуэкIэр. Партиям и Iуэхухэр колхозхэт щIыхубэм, къуажэхэм я кIуэцIкIэ щыпхызыгъэкI, сельскэ Советхэм крестьянствэмрэ сельскэ интеллигенциямрэ ягъэбыдэхэр, хьэрэчэт псори зэрахьэр колхозным деревням и производительнэ къарум нэхъри хуабжьу зыкъегъэIэтынымкIэ.

Ауэ жыпIэ хъунукъым, сельскэ Советхэр псори фIыуэ мэлажьэхэр, колхозхэм руководствэ иратыныгъэмкIэ я къалэнхэр нэсу ягъэзащIэ жыпIэу. Сельскэ Совет гуэрхэм абы хуэдэ ныкъусаныгъэхэр яхэлъынигъэмкIэ къуаншагэр ябгъэдэлъщ районнэ партийнэ организациякэмрэ райисполкомхэмрэ. Районнэ руководительхэм ирагъаджэхэкъым сельскэ Советхэм я руководительхэр колхозхэм нэхъыфIыу зэрадэIэпыкъуну щIыкIэм, колхозым и кIуэцIкIэ трудыр къущIэрыгъэпэщам нэхъ куэд зэрыкIэлъыплъыну щIыкIэм, колхозым и кIуэцIкIэ лъэкъныгъэу щыщIэр нэхъыфIыу мобилизовать зэращIыну щIыпIэм икIи абы къахуэдэ нэгъуэщI Iуэхухэра.

Сельскэ Советхэм я авторитетхэр къэIэтын зэрыхуейм, сельскэ Советхэм я лэжьыгъэхэм ныкъуэсаныгъэу хэлъхэм, сельскэ Советхэм я мыхьэнэмрэ абыхэм я къалэнхэмрэ дэгъэзыжу, куэду нахуэу, гурыIуэгъуэу къышигъэлъэгъуащ, ноябрым и 29-м къыдэкIа „Известия" газетым „ЩыщIэ Советхэм я авторитетхэр къэIэтыныгъэмкIэ" жыхуиIэу тета статьям и кIуэцIкIэ Саратовскэ областым щыщ Алексеевскэ сельсоветым и председатель тов. Зотов дэгъуу къыщигъэлъэгъуащ.

Гъавэ къехьылIэжьым деж рабочэхэр, къулыкъущIэхэмрэ къыщыгъэсэбэпныгъэмкIэ Советым иригъэкIуэкIа лэжьысэшхуэхэм къытепсэлъыхьырэра тов. Зотов къыжеIэр коветхэм кууэ колхозхэм я экономикэхэр зэраджыр, колхозхэм я хозяйствэхэр нэхъри къызэраIэтыр, сельхозарательхэм я уставыр зэрагъэзащIэн хуей вопросхэр къалэтын зэрыхуейм, къэралым и интересхэр артельхэм нарушать щамыIу къэхъу фактхэр обсуждать ямыщIу зэрыфIэмыкIынум.

Зыунысыжын хуейщ, ди областым и сельскэ совет гуэрхэр сельскэ хозяйствэм и Iуэхум нэсу егугъуу зэрыщымытымкIэ. Абы хуэдэ къабзэу зыумысыжын хуейщи Черкесским и райкомхэмрэ райисполкомхэмрэ нэсу сельсоветхэм зэрадэмыIэпыкъумкIэ, сельсоветым и авторитетыр къызэрамыIэтымкIэ.

Дэ ди областым щыдиIэщ щIыпIэ Советхэр, зи Iуэхухэр дэгъуэзу зыгъэзащIэхэр. Абыхэм хуэдэ сельскэ советхэм ящыщхэщ Эркен-Халковскэ сельсоветыр (председателыр тов. Санглибаев), Эрсаконскэ сельсоветыр (председателыр тов. Хатков). Мы советхэм я руководительхэм хубжьу я ныIэ тырагъэт депутатхэр сельскэ хозяйственнэ производствэм щылажьэныгъэм, колхозхэм фIыуэ руководствэ иратыр икIи абыхэм къапыщыт къалэнхэр фIыуэ ягъэзащIэныгъэмкIэ дэIэпыкъуэгъу махъур. Мы къэдгъэлъэгъуа советхэм къаиха колхозхэм государственнэ заданияу къапыщытахэр хэхъуэныгъэ хэлъу гъэзэщIа хъуныгъэр зыIэрыгъэхьа хъуащ а советхэм я руководительхэм я дэIэпыкъуэгъукIэ.

Ауэ, колхозхэм нэсу ядэмыIэпыкъу сельскэ советхэри диIэхэщ. Абыхэм ящыщ Овечкинскэ сельсоветыр (председателыр тов. Задорожный). Мы советыр колхозым дэIэпыкъукъым, сельисполкомым и заседанияр, ягу къыщIэкIым ящI мыхъумэ, планкIэ заседанияр зэхуагъэсхъым.

Сельсоветхэм я лэжьыгъэхэр егъэфIакIуэныгъэр, абыхэм я авторитетыр къэIэтыныгъэр псом япэрейуэ я къалэнщ районнэ райисполкомхэмрэ райкомхэмрэ я руководительхэм. Сельскэ советхэм я председателькэм пщIэ яхуэщIын хуейщ, колхозхэм я хозяйствэ псори зэфIэгъэувэжынымкIэ вопросу абыхэм разрешать ящIынухэмкIэ ядэIэпыкъун хуейщ.

Колхозхэм руководствэ ятынигъэмкIэ сельскэ советхэм я руководительхэр ирагъэджэну я къалэнщ—районнэ партийнэ, советскэ организациякэм я руководительхэм. Налог къыхэдзын, займэхэр распространять щIын, справкэ тын къудейращ сельскэ советхэм я къалэныр жыпIэу абыкIэ абы я къалэныр бух хъунукъым, абы хуэдэу абыхэм уапIэ иIэнукъым щыщIэныгъэ иищ.

И. В. Сталин США-м и лIыкIуэ г-н В. А. Гарриман къыригъэбэлгъэныгъэр

Декабрым и 14-м СССР-м и Народнэ Комиссархэм я Советым и Председатель И. В. Сталин къыригъэблэгъащ Америкэм и Соединеннэ Штатхэм я лIыкIуэ г-н В. А. Гарриман.

Къегъэблэгъэныгъэм хэтащ СССР-м и Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ Народнэ Комиссарым и Заместитель В. Г. Деканозов.

Областной партийнэ активым и зэIущIэ зэхэтащ

1944 гъэм, декабрым и 15-м Дом Советым и Краснэ уголокым щызэхэтащ Черкесскэ областым и партийнэ организациям и зэIущIэ. А собраниэр тепсэлъыхьащ ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и докладымкIэ ВКП(б)-м и Ставрополькэ Крайкомым ищIа решенияхэм.

А вопросымкIэ доклад собраниям деж щищIащ ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и секретарь тов. Дзарагазов. Докладчикым къигъэлъэгъуащ отчетнэ зэманым и кIуэцIкIэ областной парторганизациям хэхъуэныгъэу иIамрэ щыщIэныгъэу абы и лэжьыгъэм хэлъахэмрэ. Абы къыдэкIуэу докладчикым къигъэлъагъуащ ди областым и народнэ хозяйствэм зегъубгъуныгъэмкIэ лъэкIыныгъэу щыIэхэм.

Собраниям хэтахэм ящыщу нарыбгъэ 23-рэ къэпсэлъахэщ тов. Дзарагазов ищIа докладым теухуауэ.

Собраниям и лэжьыгъэм хэтащ ВКП(б) м и Ставропольскэ Крайкомым и секретарь тов. Паршин.

Тов. Дзарагазов и докладым теухуауэ, собраниям решения убгъуа кIищтащ.

МТС-хэм я зэхьэзэхуэныгъэм и итогхэр!

СССР-м и Наркомземым и зыIэпах Краснэ знамяр Псыжь МТС-м къихьащ

СССР-м и Наркомземым машинно-тракторнэ станцхэм я социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм я итогхэр къишыгъэжащ, лэжьыгъэ къехьэлIэныгъэмкIэ нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуахэм подъем пархэмкIэ, зябыр, бжьыхьэсэр вэпыгъэмкIэ.

Пашэ МТС-хэм щхьэкIэ СССР-м и Наркомземым Краснэ знамяр иретыр, ахъшэ премияхэрикI ядэщIыгъуэу.

СССР-м и Наркомземым зыIэпах Краснэ знамямрэ ахъшэ премиямрэ зыратхэм яхэтщ ди областым щыщ Псыжь МТС-рикI.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Декабрым и 14-м и оперативнэ сводкэ

Декабрым и 14-р екIуэкIыхункIэ ВЕНГРИЯМ и щIыгум деж город МИШКОЛЦ и ищхъэрэ-къуэкIыпIэуэкIэ икIи и ищхъэрэIуэди дэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станц СЕРЕНЧ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащэщ мы къуажэхэр БОДРОГРАСОНЫ, МАД, ОНД, МОНОК, ЧАБАД, РАСОНЫ, СОЛНОК, ФЕЛЬШЕ ВАДАО, САКАНИ ГАЛВАЧ, СЕНДРЬЮ-ЛАД, БОРШОД, ЕДЕЛЕНЬ, ХОДАЙ, ЧАСТА, ДИСНАШ, ХОРВАТ, СУХА КАЛЛО, ШАЙО КАЗА, гъущIгъуэгу станцхэу БОДРОГ-КЕРЕСТУР, МАД, ВАДНА.

Декабрым и 13-м ВЕНГРИЯМ и щIыгум щырагъэкIуэкIа зауэхэм МИШКОЛЦ районым и ищхъэрэIуэкIэ икIи БУДАПЕШТ и ищхъэрэ къуэкIыпIэIуэкIэ ди дэхэм плен къащIэхэщ немецкэ, венгерскэ солдатрэ офицерхэу 870.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмикI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Декабрым и 13-м и кIуэцIкIэ ди дэхэм зэтыракъуэтахэщ немецкэ танк 18. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къираудыхащ бийм и самолет 13.

Декабрым и 15-м и оперативнэ сводкэ

Декабрым и 15-р екIуэкIыхункIэ ВЕНГРИЯМ и щIыгум деж город МИШКОЛЦ и ищхъэрэIуэкIэ икIи ищхъэрэ-къуэкIыпIэуэкIэ ди дэхэм къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станц СЕНДРО, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 30 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ТАЛЛИА, ГЕРНАД-КЕРЧ, БЕРЕТ, БАКТА, ГАДЬ-БАТОР, СУХОДЬ, РУДАБАНЬЯ, НИАРАД, ШАЙО ВЕЛЕЗД, ВАЖАЛВА, ТАРДОНА, МАЛЬИНКА, гъущIгъуэгу станцу ТАЛЛИА.

БУДАПЕШТ и ищхъэрэIуэкIэ ди дэхэм Чехословакиям и щIыгум деж къащащтащ город ШАХОС.

Декабрым и 14-м Венгриям деж МИШКОЛЦ районым и ищхъэрэIуэкIэ екIуэкIа зауэхэм деж плен къащIахэщ немецкэ, венгерскэ солдатрэ офицерхэу 1015.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмикI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Декабрым и 14-м и кIуэцIкIэ ди дэхэм зэтыракъутахэщ немецкэ танк 15. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къираудыхащ бийм и самолет 29

Грециям и кIуэцIкIэ щытыкIэр

ЛОНДОН, декабрым и 15-м. (ТАСС). Нышэдибэ лондонскэ радиом хъыбар къыригъэхьащ, английскэ министр-президент союзникхэм я штаб нэхъыщхьэ средиземноморской театр зауэ здекIуэкIым совещание етIуанэ ирагъэкIуэкIащ грециям и премьер министрхэр яхэту. Общэ забостовкэу, Афинымрэ Солоникымрэ дежхэм щIадзахэм иджы Грециям и город нэхъ инхэм забостовкэ зыщыригъэубгъуащ. Дыгъуасэ махуэм Афиным деж временнэ затишьекIэ ихуащ икIи партизанхэм городым и центрэм зауэ щырагъэкIуэкIыу щIадзахэщ. Италиям къикIхэри къэсащ самолетхэм ярысхэу английскэ дзэхэм я дэIэпыкъуэгъуш-хуэ. Английскэ дзэхэр урам куэдхэм щызауахэщ, Афин и центрэм хуэзышэм, проволочнэ заграждениехэр зэпащIахэщ. КъафIощыр, зы суткэм и кIуэцIкIэ сыхьэтитI нэхъ гражданскэ цIыхухэр урамым къыдыхьэныгъэр хуит зыщI приказымкIэ, ягъэувыIэну партизанскэ дзэхэу столицэм дэсхэм подкрепление къахуэкIуэныгъэмрэ Iэщэфащэ къаIэрыхьэныгъэмрэ.

Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ английскэ министерствэм и заявление Бономи и правительствэм хуэгъэзауэ

ЛОНДОН, декабрым и 15-м. (ТАСС). Рейтер агентствэм къызэритымкIэ английскэ министерствэм и хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ декабрым и 14-м пщыхьэщхьэм жиIащ мы къэкIуэнухэр:

„Куэд зытемыкIа политическэ кризису Италиям и правительствэщIэ къызэгъэпэщэныгъэм хуэзыщам я кIуэцIкIэ, Англиямрэ Америкэмрэ я лIыкIуэхэу Рим щыIэхэр зэчэнджэщ зэпытахэщ. ЛIыкIуитIым я докладхэр, щхьэж езы и дэтхэнэ зы правительствэми хъуну къалъытащ. Английскэ, американскэ правительствэхэм езыхэм я лIыкIуэхэм хъабар ирагъэщIэжащ правительствэщIэм и характерым ахэр зэрыщыгуфIыкIымрэ икIи правительствэщIэм езым и правэхэр игъэзащIэну зэрыпыхьам зэрыщыгуфIыкIхэмкIэ".

ЩIымахуэ каникулым и кIуэцIкIэ учительхэм я зэIущIэхэр

Январым и 3—4 м ди областым и районнэ центр псоми я кIуэцIкIэ щекIуэкIынухэщ учительхэм я зэIуIэхэр. Народнэ образованиям и районнэ отделхэм а зэщIущIэхэр ирагъэкIуэкIынухэщ мы вопросымкIэ „ЕджакIуэхэм я письменнэ, устнэ речым и культурэмрэ илъэс блэкIахэм яджа материалхэр къызэрытрагъэзэжынум и методикэмрэ“ тепсэлъынхэу.

Народнэ образованиям и областной отделым игъэуващ, щIымахуэ каникулым и кIуэцIкIэ, областым и еджапIэхэм я директорхэм, заведующхэм я зэIущIэ щыригъэкIуэкIыну Черкесск городым. Областной зэIущIэм деж щытепсэлъыхьынущ, 2-рей полугодиям лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэнум.

Ди областым и еджапIэ псоми я руководительхэм тэмаму зыхуагъэхьэзырын хуейщ областной зэIущIэм. Япэрей полугодиям и итогхэр тэмаму къэпщытэжын хуейщ. Абы ныкъусаныгъэу хэлъахэр собраниям деж къыщагъэлъагъуэу, учебнэ-воспитательнэ лэжьыгъэр ди япэкIэ егъэфIэкIуа зэрыхъунумкIэ Iуэхугъуэхэр ягъэувыным папщIэкIэ.

С. Стрельников.

ЕпщIанэ классым щеджэ еджакIуэхэм я краевой конференц

ЕджакIуэхэм я щIымахуэ каникулым Ставрополь городым щекIуэкIынущ курыт еджапIэхэм я епщIанэ классхэм щеджэ еджакIуэхэм я краевой конференц. А конференциям деж епщIанэ классхэм щеджэ еджакIуэхэр тэмаму нэIуасэ щыхуащIынущ аттестат зрелостым и экзаменыр зэратыну щIыкIэм.

Ди Черкесскэ областым и еджапIэхэм икIынущи краевой конференциям кIуэнущ епщIанэ классхэм щеджэ еджакIуэхэу 50.

С. Сергеев.

Советым и лэжьыгъэр справкэ тыным хуэгъэкIуащ

Ди къалэныщхьэхэм—колхозым руководствэ ятыныгъэр фIыуэ зыгъэзащIэ сельскэ советхэу ди областым иIэхэм яхуэмыдэу, хуабжьу къакIэрыхуэ сельскэ советхэри ди областым и кIуэцIкIэ щыщыIэхэщ. Абы хуэдэ советхэр кIэлъыплъхэкъым абы и территориям къыриубыдэ колхозхэм, учреждениехэм, предприятиехэм, организациехэм.

Псалъэм щхьэкIэ, къэдгъэлъэгъуэнщ Холодно-Родниковскэ сельсоветыр (председателыр тов. Рыбастов). Тов. Рыбастов советым и лэжьыгъэр хуигъэкIуащ справкэ тын къудеймрэ налог къыхихын къудеймрэ. Мы илъэс екIуэкIам и кIуэцIкIэ абы зы совещание закъуэщ иригъэкIуэкIар. А совещаниям деж зытепсэлъыхьа вопросри иджы къэпщIыхужын плъэкIынукъым, сыто жыпIэмэ абы протокол ятхакъым, икIи ар щыхабзэкъым мы сельсоветым и кIуэцIкIэ.

Депутатскэ группэхэр лажьэхэркъым, сельско-хозяйственнэ комиссия иIэкъым икIи колхозхэмрэ организациехэмрэ зыкIи ядэIэпыкъукъым, ахэр дунем тетуи, сыт абыхэм ягъахъэми ищIыхуркъым.

ГурыIуэгъуэщ, абы хуэдэ советым авторитет лъэпкъ иIэнукъым. Райисполкомыр хуабжьу дэIэпыкъун хуейщ мы советым. Советым и къалэнхэр игъэзащIэныгъэмрэ абы и авторитетыр къэIэта хъуныгъэмрэкIэ.

С. Смирнов.

Югославиям щекIуэкI зауэр

БЕЛГРАД, декабрым и 15-м (ТАСС). Югославиям и Народнэ-Освободительнэ армиям и верховнэ штабым хъыбар къырегъэхьыр. Восточнэ Боснием Дрин псым и аузым деж зауэ щекIуэкIащ коммуникацияхэу, бийм хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ здырихьэкIам деж.

Любовия—Рогатице секторым деж зыщIэкIуэтыж немецхэр югославскэ частхэм яхуэжэурэ Дрин псым бгъэдыхьахэщ икIи а псым и аузым щыIэ коммуникациехэр зэпаупщIахэщ. Югославскэ частхэм къаухъуреихьам нэхъри нэхъ цIыкIу зырагъэщIащ икIи къыпаупщIащ Ужиц городым дэса гарнизоныр. Черногорием деж Матещево секторым деж гуащIэу немецкэ частхэм йозауэхэр, къыздаухъуреихьам къикIыжын зигугъэхэм.

Грециям и кIуэцIкIэ щытыкIэр

НЬЮ-ЙОРК, декабрым и 13-м. (ТАСС). „Ассошиэйтед Пресс“ агентствэм къетыр, ЭАМ и представительхэм (Национально-Освободительнэ фронт) хъыбар къырагъэщIащ, английскэ условиехэр ЭАМ къимыщтауэ.

Американскэ бомбардировщик 650 Германиям теуэныгъэр

ЛОНДОН, декабрым и 15-м. (ТАСС). Рейтерым и агентствэм къызэритымкIэ, „Летающэ крепость“ американскэ бомбардировщик 650 Ганновер, Касселя (Германия) щыIэ гъущIгъуэгу объектхэм теуахэщ.

Советскэ-французскэ договорым щхьэкIэ американскэ газетхэм ятхы

НЬЮ-ЙОРК, декабрым и 11-м. (ТАСС). Пщэдджыжьым Нью-Йоркскэ газетхэм нэхъ здэплъагъуну щIыпIэм тырадзащ советскэ-французскэ договорым Iэ щIатхэныгъэм щхьэкIэ хъыбархэр. „Нью-Йорк таймс“ газетым заголовкэшхуэ иIэу договорым щхьэкIэ хъыбар тыридзащ: „Францием Советскэ Союзымрэ зэдэIэпыкъуныгъэм щхьэкIэ пактым Iэ щIадзахэщ. Договорыр де-ГоллкIэ аналогичнэ англо-советскэ пакту щытщ“. „Нью-Йорк таймс“ хуэдэ къабзу „Нью Йорк гералад трибюнкI“ советскэ - французскэ коммюникем и текстыр тырадзэр. Московскэ телеграфнэ агентствэхэм я корреспондентхэм хуэдэ къабзу „Нью Йорк таймс“ газетым и московскэ корреспондентхэм подчеркивать ящIыр, английскэ, американскэ представител... переговорхэм щыжа... ящIэхэр. Коммюникем, ...респондентхэм я гугъ... къегъэлъагъуэр, догов... итхэр зэрагъэзэщIэнур ... нух къудейр мы арауэ, абы хуэдэ къабзу къелъ... зауэ нэужьми сотрудн... кэрызэдащIынухэр, агре... хъэмыгъэхъужыным па... кIэ.

Западнэ Европэм щекIуэкI зауэхэр

ЛОНДОН, декабрым и 12-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованиям и штабым къигъэхь хъыбархэм жаIэхэр: Союзникхэм я дзэхэр Рур псымкIэ мэкIуатэхэр, Юлих и ипщэ-къуэкIыпIауэкIэ икIи абыхэм Пире и кIуэцIкIэ урам зауэхэр шырагъэкIуэкIхэр. Япэ иту кIуэ отрядхэр нэсахэщ Маркем. Город Гейй иджыри зауэхэр щокIуэкIхэр. Союзникхэм къащтащ Штрасс.

Деллинген, Саарлаутенри районхэм дежхэм бийм и щIыпIэ атакэ зыбжанэ зэпащIащ, а атакэхэмкIэ бийм игугъащ Саар псым деж союзникхэм щаIэ быдапIэхэр ищтэну. Саргемюнд бийр дэхужыныр иджыри йокIуэкIыр. А городым и къуэкIыпIэкIэ союзникхэм я дзэхэр нэсахэщ Блисбрюккен. Саргемюнд и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ союзникхэр ипэкIэ щыкIуатэхэри Римлинген бгъэдыхьахэщ зы миль нэхъ пэмыжыжьэу. Союзникхэм яIыгъ город Хагенау снайперхэр дахужхэр. Координированнэ атакэхэм къахэкIкIэ союзникхэр нэсахэщ Вальбург—Суфленхейм и ищхъэрэ, ипщэ щIыпIэхэм—мы городым и къуэкIыпIэкIэ.

Вогез деж, абы хуэдэ къабзэу Танн деж союзникхэм я дзэхэр ипэкIэ щыкIуэтахэщ.

Бийм и военнэ объектхэм гуащIэу ятеуэныгъэмкIэ союзникхэм я авиациехэм операция зыбжанэ ирагъэкIуэкIахэщ.

ЛОНДОН, декабрым и 12-м. (ТАСС). Средиземнэ морем деж зауэ щезгъэкIуэкI союзникхэм я вооруженнэ къарум и штабым къигъэхь хъыбархэм жаIэхэр, 5-рей, 8-рей армиехэм я частхэм Италиям и кIуэцIкIэ щырагъэкIуэкI операциехэр патрульхэр зауэныгъэ къудейкIэ екIуэкIащ.

Англиям и бомбардировщик хьэлъэхэм я соединениехэр дыгъуасэ теуахэщ бийм и зауэ объектхэу Вена, Грац (Австриям и кIуэцIкIэ) районхэм щыщыIэм, абы къищэмыщIыжыу, абыхэм операция ин щырагъэкIуэкIащ Югославиям и кIуэцIкIи.

ЛОНДОН, декабрым и 13-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр: Германиям деж союзнэ дзэхэу, Рур псым пэгъунэгъу адыхуэхъу Юлей Юрам секторым къыщащтащ Юрал, Гефэн. Марнавейлер деж союзникхэр бийм зигъэзэныгъэ хуабжь къищIым IуощIэхэр. Дерихвейдер деж иджырикI урам зауэ щырагъэкIуэкIхэр.

Абы и ипщаIуэкIэ Гее деж зауэ щокIуэкIыр.

Союзникхэм я частхэу, Саар псым зэпырыкIахэм зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIыр Фраулятэрн (Саарляутерн и къуэкIыпIэ екIуэлIапIэхэм) Саргемюнд мили 4-кIэ и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ союзнэ дзэхэр Блис псым зэпырыкIахэщ (франко-германскэ границэр здекIуэкIым) икIи Габкирхен дыхьахэщ. Хагенау и ищхъэрэ къуэкIыпIаIуэкIэ союзнэ частхэм бийм и арьергардхэм я зигъэзэныгъэхэр зэпащIащ икIи Рейн аузымкIэ милищкIэ ипэкIэ кIуэтахэщ. Ахэр оборонительнэ сооруженнэ Можино линиям хыхьахэщ икIи Зельц нэсахэщ, бийм и зигъэзэныгъэ щIагъуэ къаIумыщIурэ. ЩIыпIэ заулхэм деж союзнэ частхэр франко-германскэ границэм зэрыпэжыжьэжхэр мили 5 щ.

Декабрым и 13-м и жэщым бомбардировщик хьэлъэ соединение инхэр теуащ Эесен. Бомбардировщик псынщIэхэр Оснабрюк теуахэщ.

ЛОНДОН, декабрым и 13-м. (ТАСС). Средиземноморской театрым зауэ щезыгъэкIуэкI союзникхэм я вооруженнэ къарухэм и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр, Италиям деж, город Равенн и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ, 8 рей армиям и канадскэ частхэм, бийм зигъэзэныгъэ лъэщ къищIым емыплъхэу, Ламон псым деж лъамыжыпэ гъэбыдапIэхэр щаухуахэщ. Союзникхэм я дзэхэм зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIа нэужькIэ, лъамыжыпэ гъэбыдапIитIыр къэзыщтахэр зэлъэIэсыжахэщ. 5-рей армиям и английскэ частхэм бийм и контратакэ гуащIэм зызэпырагъэгъэзащ Монтоне-Наррор лъэгапIэм деж. Бийм и частхэу, союзникхэм я обо ронэм пIалъэкIэ къихьахэр ирадзыжахэщ. Фронтым и адрей участкэхэм активнэу патрульхэр щызауахэщ.

ЛОНДОН, декабрым и 14-м. (ТАСС). Пэж дыду хъыбар къызэратымкIэ, союзникхэм я дзэхэм, Юлих—Дюрен секторым деж бийм и зигъэзэныгъэ хуабжьхэр щызэпащIкIэрэ, Шерховен хуит къащIыжащ. Абы хуэдэ къабзу Моншау районым ипэкIэ... тэныгъэр щыIащ. Рет... къуэкIыпIэмкIэ, и ... кIыпIэмкIэ союзникхэм ... хэм къащтахэщ Ралнесб... Зиммерат.

Саар псым и аузы... союзникхэм я дзэхэр ... артиллерийскэ нафIэ ху... къищIым IущIахэщ ... ген и лъамыжына... пIэхэм деж.

Гибкирхенрэ Блисбрю... рэ я зэхуакухэм деж ... никхэм я дзэхэр Блис ... зэпырыкIахэщ. Гибк... иджырикI урам зауэ щ... кIыр. Мец деж союзн... немецхэм къытырахы... форт закъуэ яIыгъыжар.

Севернэ Эльзасым, Н... Вогезхэм я къухьэпIа... союзникхэр мили 3-кIэ ... кIэ кIуэтахэщ. Битш и ... хъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ ... никхэм я дзэхэм Можин... нияр зэпхатхъащ. Сою... хэм я частхэу, Хагенау ... хъэрэмкIэ наступать щы... хэм, Зульц мэзымрэ абы... гъунэгъу къуажэ заулрэ ... щтащ.

Союзникхэм я ави... хуабжьу теуащ Голлан... Западнэ Германиям щыIэ... еннэ объектхэм.

ЛОНДОН, декабрым и ... (ТАСС). Средиземномор... театрым зауэ щезыгъэкI... союзникхэм я вооруж... къарухэм и штабым къ... гъэкIа хъыбархэм жаIэр, ... лиям щыIэ фронтхэм 8-... армиям и канадскэ част... махуэ кIыхьэгъым ирагъэк... кIа зауэхэм къахэкIкIэ, ... мон псым и лъамыжыпэ ... быдапIэхэм зырагъэубг... хэщ икIи бийм и контрат... лъэщ заулхэм зызэпыра... гъэзахэщ. Лъамыжыпэ ... быдапIэм и ижьырабгъу ф... гым деж Мецциан къуа... къащтащ. Имол и ипщэ-к... хьэпIаIуэкIэ 5-рей англи... частхэр къуажитIым ды... хэщ, иджы зауэ здырагъэк... кIыу, бийм зигъэзэны... хуабжь къыздищIым.

Союзникхэм я авиац... По псым и аузымрэ Бенне... скэ щхьэдэхыпIэмрэ ... бийм и объектхэм те... абы хуэдэ къабзу 5-рей ... миям и щIыгум щызауэ ... хэ мыкI.

В. И. О. ответ. редактора А. Д. ОХТОВ.

1945 гъэм центральнэ,
областной газетхэм
ПОДПИСКА КЪЫЗЭIУАХАЩ
ПОДПИСКЭР ЯЩТЭР Черкесскэ отделение „Союзпечатым“, связхэм и отделениехэм.
„СОЮЗПЕЧАТЬ“

БЭ 24182 Редакциям и адресыр: г. Черкесск. Дом Советов, комната № 65 Черкесскэ областым и государственнэ типографиэ Тир. 2000 экз.